

Èske w o kouran ?

Ou ka jwenn **\$4 824** ou plis kòb ki la pou ou

Voye yon demann pou w ka resevwa benefis inkòm taks ou

Kredi Inkòm Taks ak Kredi Inkòm Taks Sou Timoun Ou


☛ Si pandan lane 2008 ou touche mwens ke \$39 000 epi w te gen timoun ki te rete ak ou
OSINON

☛ Ou te touche mwens ke \$13 000 epi ou pa te gen timoun ki te rete ak ou

Ou ka kalifye! E ou ka resevwa èd **GRATIS** pou ranpli fòm inkòm taks ou.

Rele IRS nan **1-800-829-1040** pou konnen plis sou sa.

Pou plis enfòmasyon :



Earned Income Credit (EIC) ak Child Tax Credit (CTC) :

Li posib pou w dwe mwens taks e IRS kapab remèt ou lajan kach !

- Si w te travay nan lane 2008, swa fouldtaym oswa pattaym - ou kapab kalifye pou kredi sa yo.
- Menm si ou pa dwe taks ou kapab toujou resevwa kredi sa yo.

Si gen timoun ki te abite ak ou pandan plis pase 6 mwa nan lane 2008 :

- Pou w kalifye pou EIC (kredi ou reyalize sou revni), timoun fèt pou yo gen mwens pase 19 an pandan lane 2008 la (elèv ki lekòl fouldtaym kapab gen mwens pase 24 an ; timoun ki gen enfimite pèmanan oswa total kapab gen nenpòt ki laj).
- Pou w kalifye pou CTC (kredi ou reyalize poutèt timoun ou yo), timoun fèt pou yo gen mwens pase 17 an pandan lane 2008 la.

Si pa t gen timoun ki te abite ak ou :

- Ou kapab fè demann pou EIC si w te gen ant 25 ak 64 an pandan lane 2008 la.

Konbyen mwen ka touche ? Ki montan kredi taks mwen kapab resevwa ?

Pou EIC, si w gen :	Yon revni anyèl ki mwens pase :	Reklame EIC ki pa kapab plis pase :
1 timoun	\$33 995	\$2 917
Omwen 2 timoun	\$38 646	\$4 824
Si w pa gen timoun	\$12 880	\$438
Pou CTC, si w gen :	Reyalize yon revni anyèl ki plis pase :	Reklame CTC ki pa kapab plis pase :
Omwen 1 timoun	\$8 500	\$1 000 pou chak timoun

Limit revni EIC pou anplwaye ki marye nan \$3 000 pi wo.

AE si m pa sitwayen ameriken ? Imigran ki travay epi ki satisfè lòt règleman kapab kalifye.

- Pou EIC : anplwaye, mari/madann ak nenpòt ki timoun ki fè reklamasyon sipoze gen yon nimewo sekirite sosyal.
- Pou CTC : li nesesè pou gen yon nimewo sekirite sosyal osnon yon Individual Taxpayer Identification Number (ITIN)

Fè deklarasyon taks ou pou w resevwa EIC ak CTC : e resevwa èd gratis !

- VITA – *Volunteer Income Tax Assistance* (èd volontè sou taks nan revni anyèl) – Yon kote yo ede moun ranpli dokiman reklamasyon taks gratis.
- Se gwoup byen fòme nan kominote ou ki dirije lokal VITA yo. Pou plis enfòmasyon sou yon lokal VITA ki tou pre lakay ou, rele 1-800-829-1040.

Si w ap travay ou kapab resevwa kredi taks sa yo san w pa pèdi lòt benefis piblik

Peman EIC ak peman CTC pa kalifye kòm revni lè w fè aplikasyon oubyen renouvle benefis tankou food stamp, SSI, Medicaid, asistans finansyè oubyen lojman piblik. Gen kèk benefis ki gen yon limit sou konbyen tan ou kapab kenbe peman EIC and CTC ou resevwa nan labank.

Ou kapab resevwa yon pati nan peman kredi taks ou a nan chèk pewòl ou

Gen kèk anplwaye ki kapab resevwa peman EIC alavans nan chèk pewòl yo epi yon chèk ke IRS voye apre ke yo fè deklarasyon taks yo. Ou kapab jwenn yon fòm IRS W-5 nan men konpayi kote w ap travay la osnon nan men IRS si w rele 1-800-TAX-FORM (1-800-829-3626) osnon ou kapab monte nan sit www.irs.gov la.